



## FÈY ENFÒMASYON SOU COVID-19 POU VÒT AN PÈSÒN

Pou asire sante ak sekirite votè ak travayè biwo vòt nou yo pandan vòt an pèsòn pou 2020 pandan pandemi Coronavirus (COVID-19) la, Depatman Eleksyon Konte Miami-Dade ap swiv direktiv Depatman Sante Florid ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi.

Nou ankouraje votè yo konsidere Vòt pa Lapòs nan seri eleksyon sa a, pou vote nan konfò ak sekirite lakay yo. Yo ap kontinye ofri vòt an pèsòn alafwa pandan peryòd Vote pi Bonè ak nan Jou Eleksyon an, pou moun ki ta pito metòd vòt sa yo. Nou ap pran tout prekosyon posib pou kenbe w an sekirite epi nou mande w ede nou tou.

### **Depatman Eleksyon Miami-Dade va fè sa ki apre yo:**

Bay tout travayè biwo vòt yo pwoteksyon vizaj, mask ak gan yo ka jete.

Netwaye ak dezenfektan regilyèman kote moun manyen anpil.

Ofri tout votè yo dezenfektan pou men lè yo ap antre ak sòti nan biwo vòt la.

Make atè a avek tep pou asire ke votè yo ka konfòme yo ak pwotokòl distans sosyal yo.

Bay aksè a twalèt ki gen savon ak dlo disponib pou lave men.

### **Sa nou ap mande votè nou yo:**

Ou gen obligasyon pou mete kouvèti vizaj pou antre nan biwo vòt la.

Tanpri itilize dezenfektan pou men yo bay lè w ap antre ak sòti.

Revize echantiyon bilten vòt ou an anvan w vin vote. Ou ka menm make ladan epi vini avèk li. Lè w konnen seleksyon ou anvan w rive, sa va fasilite pwosesis la epi pèmèt ou sòti pi vit.

Pote yon pyès [idantite](#) ki valid.